

Kont lekòl NYC

Rezime

Kont lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account, NYCSA) se yon aplikasyon sou entènèt ki fè w wè enfòmasyon akademik ak byografik pitit ou sou nenpòt konpitè, telefòn oswa tablèt. Yo tradui aplikasyon an nan nèf lòt lang apa lang anglè. Nan kont la, ou ka wè bagay sa yo pou yon timoun:

- Prezans
- Klas
- Egzamen (nòt egzamen)
- Enfòmasyon sante (Fitnessgram)
- Orè
- Responsab
- Istwa sou lekòl li pase
- Pwogrè pou chanje klas
- Pwogrè nan gradyasyon
- Nivo Lekti
- Mwayen transpò

Kòman mwen ka kreye yon kont lekòl NYC?

Gen de fason ou ka kreye yon kont lekòl NYC. Ou ka ale swa anpèsòn nan lekòl pitit ou a pou resevwa yon modpas tanporè oswa ou ka itilize Kòd Kreyasyon Kont lan ki nan lèt pitit ou a pote lakay la.

Anpèsòn

1. Fikse yon randevou avèk lekòl pitit ou a.
2. Bay yon ID foto ki valab (pa egzanp, paspò w, lisans chofè w, IDNYC), adrès imèl ou, ak ID elèv la ki gen 9 karaktè a, ou ka jwenn li nan kanè li.
3. Lè w kreye kont lan nan lekòl pitit ou a, w ap resevwa yon imèl pou ba w yon resi avèk yon modpas tanporè enprime sou resi a.
4. Ale nan <http://mystudent.nyc> epi mete adrès imèl ou ak modpas tanporè a. Y ap mande w pou kreye yon nouvo modpas pou kont ou an, chwazi kesyon sekirite yo ak valide adrès imèl ou a.

Sou entènèt

W ap bezwen Kòd Kreyasyon Kont ki nan lèt pitit ou a te pote lakay ou a. Ou ka mande lèt la tou nan lekòl pitit ou a. W ap bezwen kòd sa a ak nimewo idantite elèv 9 karaktè pitit ou a pou kreye yon kont lekòl NYC oswa pou ajoute non lòt timoun nan kont ou te deja genyen an.

1. Ale sou <http://schools.nyc.gov/myaccount> epi chwazi *link* “*Create Account*” ki nan paj *login* lan.
2. Tape Nimewo idantite elèv ki gen 9 chif pou pitit ou a. Ou ka jwenn nimewo ID elèv pitit ou a nan kanè l. Si w pa gen nimewo ID pitit ou a, mande lekòl la.
3. Antre Kòd Kòd Kreyasyon Kont inik la.
4. Antre adrès imèl ou epi kreye yon nouvo modpas.
5. Chwazi “*Create Account*” apreswa chwazi “*SIGN IN*” pou w ka *log in* ak imèl ou ak password ou.
6. Lè w ap antre nan kont ou an pou premye fwa, w ap bezwen chwazi twa kesyon sekirite epi reponn yo ak valide adrès imèl ou.

Pataj aksè nan enfòmasyon sou pitit ou a

Kounye a ou ka envite lòt adilt ki asosye avèk dosye lekòl pitit ou a pou yo gen pwòp kont yo. Ou ka envite fanmi, babysitter, yon vwazen, oswayon yon moun k ap ba l leson, oswa yon paran ki abite yon kote diferan, oswa nenpòt moun ou santi li enpòtan pou pataje enfòmasyon an avèk li. Men, piske kèk nan enfòmasyon yo lekòl kenbe yo prive, nou mande pou reflechi byen sou kiyès w ap bay envitasyon pou gen aksè nan enfòmasyon pitit ou. Ou gen kontwòl sou ki kantite enfòmasyon ou vle pataje avèk moun ou bay envitasyon pou gen kont yo.

Aprè w fin antre nan kont ou a, ale nan paj Manage User Access. La a, w ap wè adilt ou ka pataje enfòmasyon pitit ou a avèk yo a. W ap bezwen bay moun ou vle pataje enfòmasyon an avèk li a nimewo idantite elèv pitit ou. Si yo pa gen nimewo a, yo p ap kapab fini pwosesis pou pataje kont lan.

Ki enfòmasyon m ap gen aksè ladan yo?

Chak adilt ki asosye avèk dosye pitit ou a gen yon wòl swa kòm responsab (Custodial), pa responsab (non-custodial), oswa kòm itilizatè anplis. Wòl sa yo montre ki kantite enfòmasyon pitit ou a yo ka wè.

- Kòm yon itilizatè responsab yo ka wè tout enfòmasyon ki disponib nan NYC Schools Account pitit ou a. Epi tou, ou ka envite lòt adilt pou wè enfòmasyon pitit ou a.
- Kòm yon itilizatè ki pa ki gen gad legal responsab yo ka wè tout enfòmasyon ki disponib nan Kont lekòl NYC pitit ou a.
- Kòm yon itilizatè anplis, ou ka wè enfòmasyon moun ki gen gad legal timoun lan pataje avèk ou.

Ki kote mwen ka jwenn èd pou Kont lekòl NYC a?

Si w bezwen èd oswa si w gen kesyon konsènan jan pou navige nan kont ou an, kontakte lekòl pitit ou a oswa telefòn 311. Ou ka jwenn plis enfòmasyon lè w al sou pajwèb kont lekòl NYC a nan [https://www.schools.nyc.gov/school-life/support/nyc-schools-account-\(nycsa\)](https://www.schools.nyc.gov/school-life/support/nyc-schools-account-(nycsa)).

Yo te envite m pou wè enfòmasyon yon elèv nan kont lekòl NYC. Kisa pou m fè kounye a?

W ap bezwen ni Kòd Kreyasyon Kont lan ni nimewo ID elèv la ki gen 9 karaktè a ke paran ki gen gad timoun ap pataje avèk ou. W ap bezwen toude moso enfòmasyon sa yo pou ka kreye yon Kont lekòl NYC oswa pou ajoute timoun lan nan yon kont ou genyen deja.

Kantite enfòmasyon ou wè pou timoun lan depann sou nivo aksè paran ki gen gad timoun lan ba ou. Pou nenpòt kesyon sou ki tip enfòmasyon timoun lan ou gen aksè nan kont lekòl NYC a, nou ankouraje w pou pale avèk paran ki gen gade timoun lan.

Mwen te gen aksè total nan enfòmasyon timoun lan nan kont lekòl NYC, epi kounye a mwen wè mwens enfòmasyon.

Si aksè w te genyen nan enfòmasyon yon timoun nan kont lekòl NYC chanje, se paske paran ki gen gad timoun lan fè yon chanjman.